

KONTE SUFFOLK



DEPATMANS LAPOLIS

Pwogram Silver Alert pou Moun ki gen Bezwen Espesyal

Depatman Lapolis Konte Suffolk la pran plezi pou I fè w konnen Pwogram Silver Alert pou Moun ki gen Bezwen Espesyal (Special Needs/Silver Alert program) nou an disponib kounye a. Pwogram sa a pèmèt tout moun, paran, gadyen responsab, fanmi oswa nenpòt lòt moun ki ka bay swen sante pou yo anrejistre enfòmasyon sou moun ki gen bezwen espesyal nan baz done Depatman Lapolis la. Objektif pwogram nan se voye enfòmasyon bay ofisye polis yo pou yo ka bay bon jan repons si moun sa a ki gen bezwen espesyal la ta tonbe nan yon sitiyasyon ijans, donk sa ap pèmèt ofisye yo ba li yon pi bon swen. Pwogram Silver Alert pou Moun ki gen bezwen espesyal fèt pou moun ki gen:

- ◆ Demans (ki gen ladan I Maladi Alzheimer)
- ◆ Andikap nan Devlopman (ki gen ladan I Espèk Otis, Reta Mantal, Pwoblèm mantal)
- ◆ Maladi mantal ki grav
- ◆ Lòt maladi mantal ki afekte rezonman, sa ki lakòz yon moun ap flannen oswa vin dezoryante/pèdi

Tout moun ki enskri nan pwogram nan kapab ranpli fòmilè pou Rejis Silver Alert pou Moun ki gen bezwen Espesyal la, pou yo ka mande pou yo voye yon braslè idantifikasyon pou yo. Braslè a **gratis** epi li gen yon nimewo espesyal sou li ak yon nimewo tou ke ajan k ap bay premye sekou yo kapab itilize pou yo rele lapolis si yo bezwen enfòmasyon sou moun sa a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Silver Alert pou Moun ki gen Bezwen Espesyal la, vizite sit Entènèt nou an nan: www.suffolkpd.org and click on **Amber/Silver Alert**. Si w enterese sèvi ak rejis la, tanpri telechaje fòmilè enskripsyon an, ke w kapab ranpli sou Entènèt la, oswa tou ou ka ranpli fòmilè **ki nan do fèy la**. Ou dwe siyen fòmilè a, se poutèt sa ou p ap ka voye I pa imèl, ou dwe voye I tounen pa lapòs bay kowòdonatè sèvis Bezwen Espesyal la nan adrès ki ekri pi ba a. N ap kontan resevwa yon **foto resan moun ou anrejistre a (tanpri ekri non I ak dat nesans moun nan nan do foto a)**. Y ap antre enfòmasyon ki nan fòmilè a nan baz done Depatman Lapolis Konte Suffolk la, ki fèt espesyalman pou Pwogram Silver Alert pou Moun ki gen Bezwen Espesyal la, e si w mande I, y ap voye braslè idantite a ba ou pa lapòs sou yon peryòd tan byen kout.

Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Bernadette Zimmermann
Kowòdinatris Bezwen Espesyal
Depatman Lapolis Konte Suffolk

E-mail: Bernadette.zimmermann@suffolkcountyny.gov

AJANS LAPOLIS OTORIZE

*Ale sou sit Entènèt nou an nan www.suffolkpd.org
Liy dirèk konfidansyèl pou Moun k ap konbat Krim yo
(Crime Stoppers Confidential Tip Hotline) 1-800-220-TIPS
Ka ki pa ijan men ki mande yon entèvansyon lapolis
(Non-Emergencies Requiring Police Response), ligue para (631) 852-COPS
30 Yaphank Avenue, Yaphank, New York 11980 — (631) 852-6000*



ENFÒMASYON SOU MOUN KI GEN BEZWEN ESPEYAL:

Non Fanmi: _____ Prenon: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____ Telefòn: _____

DESKRIPSYON PÈSONÈL

Dat nesans: _____ Ras: _____ Koulè cheve: _____ Sèks: Gason Fanm

Koulè zye: _____ Wotè: _____ Gwosè: _____ Linèt: Wi Non

Sikatris/mak nesans/tatouwaj: _____

Foli (pa egzanp maladi Alzheimer) Andikap Devlòpmantal (pa egzanp, Twoub Otis, Reta Mantal/Twoub pou Aprann)

Maladi Mantal Grav Lòt maladi mantal ki afekte rezònman, sa ki lakòz yon moun ap flannen oswa vin dezoryante/pèdi

Dyagnostik Medikal: _____ Alèji: _____

Medikaman: _____

Kapab machen: Wi Non Vèbal Non-Vèbal Èske l ap reponn lè yo site non li? Wi Non

Si li pa pale, sou ki fòm li ka kominike (pa egzanp, fè jès, nan foto, oswa alekri) _____

Èske w ta renmen resewva yon braslè Silver Alert pa lapòs? Wi Non Braslè #: _____ (Doktè ki afekte a)

Èske w te mete yon foto resan moun ou ta renmen enskri avèk non l ak dat li fèt la nan do foto a? Wi Non

ENFÒMASYON SOU MOUN POU KONTAKTE SI GEN KADIJANS

Non: _____ Relasyon: _____

Adrès: _____

Imèl: _____ Telefòn: (Kay) _____ (Seliè) _____

Non: _____ Relasyon: _____

Adrès: _____

Imèl: _____ Telefòn: (Kay) _____ (Seliè) _____

Tanpri bay plis enfòmasyon ki ka pèmèt pèsònèl ki nan sèvis dijans lan bay moun ki gen non l make pi wo a bon jan swen ak sekirite.

Kijan w te fè tande pale de sèvis nou an? _____

OTORIZASYON/DEKLARASYON

Mwen, _____ bay pèmision m kòm paran/gadyen responsab moun ki gen non l make pi wo a pou Depatman Lapolis Konte Suffolk la kenbe epi distribye enfòmasyon sa yo bay pèsònèl premye sekou yo (tankou ponpye, Anbilans ak Lapolis) nan objektif sèlman pou yo idantifye epi bay moun ki gen bezwen espesyal tout èd li bezwen. Fòmilè sa a ki fin ranpli a pa bay okenn dwa pou sèvis, ni li pa tabli nonplis okenn relasyon espesyal ant pati ki konsène yo. Depatman Lapolis Konte Suffolk la ap fè tout efò ki nesesè pou l transmèt enfòmasyon sa yo bay pèsònèl premye sekou yo. Men, Depatman an pa dwe reponsab si enfòmasyon sa yo pa rive jwenn sèvis konsène yo, ni li pa bay okenn garanti ke y ap rive jwenn sèvis sa yo.

SE RESPONSABILITE PARAN/GADYEN RESPONSAB LA POU AVIZE DEPATMAN LAPOLIS KONTE SUFFOLK SI KÈK NAN ENFÒMASYON SA YO TA CHANJE.

AVÈTISMAN YO EFASE OTOMATIKMAN SOU SISTÈM NAN 24 MWA APATI DAT YO TE ANREJISTRE YO A. KIDONK, FÒK OU RENOUVLE ENFÒMASYON AVÈTISMAN SA YO CHAK 24 MWA.

Ekri Non an avèk lèt detache: _____ Siyati: _____

Dat: _____ Relasyon: _____ Imèl: _____

Nimewo Anrejistreman: _____

Dat yo dwe retire yo nan CAD a: _____

Se SCPD ki deziyen l

Se ITS ki antre l

Voye fòmilè ou fin ranpli yo oswa tout chanjman nan estati, nan:

Suffolk County Police Department • 30 Yaphank Avenue • Yaphank, NY 11980 • ATT: Bernadette Zimmermann, Kowòdonatè Bezwen Espesyal